

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis kana guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa patali jeung pamarekan struktural katut hermeneutik ogé ajén agama nu nyampak dina eusi guguritan bisa dicindekkeun sakumaha ieu di handap.

1. Buku guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* mangrupa buku hasil transliterasi Ruhaliah tina naskah aslina hasil karya Haji Hasan Mustapa anu ngagunakeun aksara Arab Pégon. Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* diwangun ku hiji pupuh, nya éta pupuh Kinanti. Judul guguritan anu ditalungtik di dieu nya éta Guguritan *Kinanti-Kulu Kulu*, éta hal dikasangkutanan ku kecap *kukulu di lalayu* dianggap salaku judul guguritan tur sabada ditiénan *kukulu di lalayu* téh sarua jeung *kulu-kulu di lalayu*. Patokan pupuhna ogé katitén yén dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa guru lagu jeung guru wilanggana pas, taya nu kurang jeung taya nu leuwih, luyu jeung patokan pupuh. Téma anu kapanggih dina ieu guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* sacara gurat badagna dibagi dua, nya éta biografi panulis (Haji Hasan Mustapa) jeung élmu katasawufan anu dina ieu guguritan dijelaskeun ngeunaan sababaraha bagian nya éta asal-usul manusa, puasa, zakat, hubungan manusa jeung Pangéran, hubungan manusa jeung sasamana, ngeunaan alam kalanggengan atawa ahérat, takdir, Al Qur'an, solat jeung

haji. Latar anu digunakeun dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* aya dua, nya éta 1) latar tempat katitén yén anu digunakeun aya dua nya éta (a) latar tempat alam nyata anu sakabéhna aya 29 kali dibahas (14,28%), saperti alam napsu, alam Gusti, alam rasa, alam hayang, alam éling, alam sangsara, alam sampurna, alam katilu, alam walagri, alam nu tilu, alam tuhu, alam padang, alam sirna, jeung alam sorangan; (b) latar tempat alam imajinasi anu sakabéhna aya 15 kali dibahas (7,39%), saperti di kaum, alam pasti, ahérat, alam dunya, tampian, walungan, astana, handapeun waru, kalang, arca manik Siliwangi, Pasundan, jeung alam sajati. 2) latar waktu katitén anu sering dipaké dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* téh nya éta (a) latar waktu dumasar titi mangsa sakabéhna aya 35 kali dibahas (17,24%), saperti tanggal hiji, boboran Siam (Idul Fitri), janari, hari raya (poéan lebaran), burit, siang, tengah poé, tengah peuting, beurang, peuting, kiwari, tadi, pagéto, kamari, jaga, baheula, ayeuna, isuk, jeung engké; (b) latar waktu dumasar frékuensi sakabéhna aya 11 kali dibahas (5,41%), saperti sahari-hari (sapopoé), nyenén Kemis, sataun sakali, windu-windu, beurang peuting; (c) latar waktu dumasar lilana aya 4 kali dibahas (1,97%), saperti sapoéun idilfitri, lima welas taun, tilu puluh taun leuwih, tilu peuting, sapeuting. Dina ieu guguritan *Kinanti Kulu-Kulu*, pangarang ngagunakeun basa anu loba patalina jeung istilah-istilah kaagamaan, hususna agama Islam. Basa anu dipaké dina guguritan dina *Kinanti Kulu-Kulu* ieu ogé nyampak ayana basa campuran antara basa Sunda jeung basa Arab. Dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* ieu sakabéhna aya 21 pada (10,34 %) aya anu

sagemblengna maké basa Arab (cutatan tina Al Qur'an) atawa istilah-istilah tina basa Arab. Amanat anu nyampak tina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa di dieu nya éta sangkan bisa ngélingan ka sakabéh manusa pikeun henteu pernah reureuh néangan bebeneran, ngaliwatan nyuprih élmu nepi ka manusa bisa yakin ka Pangéran anu ajegna nya éta Allah SWT. Ngajalankeun sagala paréntah-Na jeung ngajauhan sagala larangan-Na.

2. Tina hasil ulikan kana guguritan *Kinanti Kulu-Kulu*, ngagunakeun kajian hermeneutik, katitén nyampak jelas ajén kaagamaanna, hususna ajén kaimanan jeung katakwaan. Eusi guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* sacara gurat badagna ngabahas ngeunaan dua bagian, nya éta katasawufan hususna ngeunaan asal-usul manusa, puasa, zakat, hubungan manusa jeung Pangéran, hubungan manusa jeung sasamana, alam ahérat, takdir, Al Qur'an, Solat jeung Haji. Di dieu ogé dibahas biografi singget Haji Hasan Mustapa. Dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* bisa katitén yén anu sering dibahas téh nya éta ngeunaan hubungan manusa jeung Pangéran anu jumlahna aya 101 kali (49,75%), ngeunaan ahérat aya 28 kali (13,79%), ngeunaan hubungan manusa jeung sasamana aya 24 kali (11,82%), ngeunaan biografi Haji Hasan Mustapa aya 21 kali (10,34%), ngeunaan puasa aya 12 kali (5,91%), ngeunaan Al Qur'an aya 7 kali (3,45%), ngeunaan takdir aya 4 kali (1,97%), ngeunaan asal usul manusa aya 3 kali (1,48%), ngeunaan solat jeung haji aya 2 kali (0,98%), ngeunaan zakat aya sakali (0,49%).

3. Ajén agama nu nyampak dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* anu ngagunakeun pamarekan hermeneutik bisa katitén yén ayana akidah saperti: 1) Iman ka Alloh SWT; 2) Iman ka Kitab-Na (Al Qur'an); 3) Iman ka Nabi jeung Rosul-Na; 3) Iman ka poé ahir 4) Iman kana takdir. Sedengkeun ajén agama nu nyampak dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* tur aya hubunganna jeung ibadah nya éta: 1) Puasa; 2) Zakat; 3) Solat 4) Haji. Tina éta hal bisa dicindekkeun yén Haji Hasan Mustapa nyieun guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* téh sangkan bisa ngingetan manusa bisa terus maluruh bebeneran nu taya reureuhna salila hirup di dunya, pikeun terus ngajalankeun sagala paréntah-Na ogé ngajauhan sagala larangan-Na. Sangkan bisa meunangkeun kabagjaan di dunya jeung di ahérat.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil anu geus ditétélakeun di luhur, aya sawatara saran pikeun ngeuyeuban jeung mekarkeun panalungtikan ngeunaan budaya jeung sastra Sunda, ogé dipiharep bisa ningkatkeun kasadaran masarakat Sunda pikeun miroséa, maluruh, jeung nyuksuk jero ngeunaan titinggal sajarah di antarana: 1) Hasil karya Haji Hasan Mustapa kaitung sakitu lobana, anu di data ku Rosidi dina taun 1989 waé sakabéhna aya 93 naskah dina wangun prosa jeung puisi, éta tacan kaasup anékdot-anékdotna ogé naskah-naskah anu tacan ka data. Naskah anu geus kadata ogé henteu sakabéhna aya di tataran Sunda, malah aya nu teu puguh laratannana. Ku kituna dipiharep ka masarakat Sunda bisa timbul kasadaran pikeun maluruh deui kana hasil karya-karya para bujangga hususna karya-karya

Haji Hasan Mustapa; 2) sabada panalungtikan masarakat Sunda bisa ngajadikeun ieu hasil panalungtikan jadi bahan bacaan umum, bisa jadi sumber pangaweruh, inspirasi pikeun ngahasilkeun karya sastra anu leuwih jero tur bisa ngawangun sifat jeung tingkahlaku masarakat anu leuwih hade; 3) karya-karya Haji Hasan Mustapa. Sabab katitén yén loba masarakat Sunda anu migandrung kana karya-karya Haji Hasan Mustapa, tapi anu nyuksuk jero kana karya-karyana tacan loba. Ku kituna sangkan leuwih loba deui anu migandrung kana karya-karya Haji Hasan Mustapa, dipiharep sangkan leuwih hadé, aya panalungtikan leuwih jero sangkan masarakat bisa maham kana karya-karya Haji Hasan Mustapa anu sakitu hébatna, ogé sangkan bisa dijadikeun bahan bacaan umum, bisa jadi sumber pangaweruh, katut inspirasi pikeun ngahasilkeun karya sastra anu leuwih jero deui tur bisa ngawangun sifat jeung tingkahlaku masarakat anu leuwih hadé.